Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!

# ЧIАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧАРАДА

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 12 (7330) РУЗМАН 24 март 2023 сон

12+

## Хирияб Рамазан моцI щвей барки




***ХIурматиял ракьцоял! Хириял чIарадисел!***

Къабул гьабе кIал кквеялъул Рамазан моцI тIаде щвеялъулаб ракI-ракIалъулаб барки. Гьаб ккола ТIадегIанав Аллагьасул рахIматалдалъун ва цIобалдалъун бусурбабазул мунагьалги чурулеб ва гьабураб лъикIаб гIамалалъухъ кириги гIемерго цIикIкIинабулеб моцI.

Биччанте ТIадегIанав Аллагьас гьаб бигьаяб гуреб заманалда ритIухълъиялъе гIоло кьеркьолаго жидерго сахлъиялъухъ ва гIумруялъухъ балагьичIого ВатIаналъе хьулухъ гьабулезе бусурбабаз гьарурал дугIаби къабулал рукIине. Жакъа нилъеда цебечIараб аслияб масъала буго нилъ кидаго гьезда цадахъ рукIин тIолабго дунялалда бихьизаби. Нилъер цолъи ва божилъи руго къвакIарал.

Гьарула гьаб хирияб Рамазан моцI лъугьаги тIолабго дунялалдаго рекъел букIинабиялъе бачIараблъун. Щивав бусурманчиясул рокьоб рещтIаги Аллагьасул рахIмат-цIоб. Къабул гьареги нилъер киназулго дугIабиги. Амин!

*ХIурматгун, районалъул бетIер*
***М.А. МУХIАМАДОВ***

## Мажлис тIобитIана

ЦIуриб СОШалда цебе бугеб азбаралда тIобитIана хирияб Рамазан моцIалъул хIурматалда гIалимазул мажлис. Гьеб гIуцIун букIана ДРялъул муфтияталъ ЧIарада районалъул диниял хIаракатчагIазгун цадахъ.

Мажлисалда гIахьаллъи гьабуна азаргоялдаса цIикIкIун чияс. Гьенир рукIана районалъул тIолалго росабалъа гIадамал, цIалдохъаби, гIолохъаби, херал, районалъул нухмалъулел ва росабазул мажгитазул имамзаби.

Тадбиралъул хIурматиял гьалбаллъун рукIана: ЧIарада районалъул имамзабазул Советалъул председатель ШагIбан ХIапизов, Гъизилюрт шагьаралъул имамзабазул Советалъул председатель ГIали Къасумов, МахIачхъала шагьаралъул имамзабазул Советалъул председателасул заместитель Мурад Ибрагьимов, Гъизилюрт районалъул ва Гъизилюрт шагьаралъул лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев АхIмад ХIамзатов, ЧIарада районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаров.

Тадбир нухда бачана «Амант» медиа-холдингалъул нухмалъулев АхIмад ХIасанхановас.

Мажлис рагьана ШугIайб-афандиясул цIаралда бугеб школа-интернаталъул мутагIалимаз рекIехъе Къуръан цIалиялдалъун.

Рамазан моцIалъул хиралъиялъул ва гьаризе кколел гIамалазул гIемераб бицана кIалъазе рахъараз.




Гьенир диниял церехьабазе къуна ракIалде щвеялъул сайгъаталги. Районалъул «Инсан» фондалъ киналго гIахьаллъаразе къуна кванил нигIматал жанир лъурал пакеталги.

Бищунго рекIее асар гьабулеблъун букIана хIаж-гIумра гьабиялъе путевка бергьиналъе гIоло тIобитIулеб хIай. Гьениб путевка щвана ЦIуриса Аминат Ярбиловалъе.

Аслияб къагIидаялда мажлис ана гIуцIараб къагIидаялда. Аллагьас къабул гьабеги гIахьаллъаразул лъикIаб гьариги гьабулеб гIибадатги. Амин!



## ГIибадаталда тIамизе къуват кьеги

*Дагъистаналъул муфтиясул Рамазан моцI тIаде щвей барки*




**Ассаламу гIалайкум, хIурматиял диналъул вацал ва яцал!**

Рамазан моцI нилъее сайгъат гьабурав БетIергьанасе буго аза-азар рецц. Гьаб кколелъулха Аллагьас нилъер мунагьал чуриялъул ва баракат гьарза гьабиялъул моцIлъун. Гьединлъидал, ракI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб хирияб Рамазан моцI!

Рамазан ккола ТIадегIанасе гIибадат гьабиялъе, лъикIал ишал гьариялъе, нужецаго гьарурал пишабазул пикру гьабиялъе ва рухIияб цебетIеялъул рахъ камил гьабиялъе заман кьезе кколеб хасаб моцI. Гьеб моцIалъ рещтIана лъикIлъи гьабиялде нилъ ахIулеб ва квешаб теялде кантIизарулеб Къуръан. Гьебги ккола щивав бусурбанчиясе къимат тIадегIанаб гьадият, Жинда нахъвилълъарасул авалги ахирги битIун кколеб. Гьединлъидал, гьарула БетIергьанасда нилъерго умумузде лъикIаб бербалагьи ва ахираталъул рокъоре аразе дугIа-алхIам гьабизе къуватги сахлъиги кьегийин киналго бусурбабазейилан.

Рамазан ккола лъикIал ишал гьарулеб моцI. Гьелъин цIакъго хIаракатги бахъизе кколеб мискин-пакъирасда кверчIваялъеги, янгъизго хутIаразе кумек гьабиялъеги, гьебгиха, гьез гьабулеб диналъухъ ва гьезул миллаталъухъ балагьичIого. Аллагьас нилъее кьун буго заманалъулаб нигIмат – буголъи ва кIвар буго гьелдаса битIун пайда босиялъул, гьеб битIун хIалтIизабиялъул. Нилъеда кIочон тезе бегьуларо гIицIго ресукъазе, мискинзабазе къуралъул бетIергьаби нилъ рукIин.

ДугIа-алхIам, Аллагьасе гIибадат гIемер гьабизе тIадаб гьаб моцIалъ киналго ращад гьарула. Бечелъи-мискинлъиялъухъ балагьичIого гьаб моцIалъ кIал ккола кинавго чияс. Бечедал, рес бугел бусурбаби, мискинал диналъул вацазул бакIалда жалго ругеб хIисабги гьабун, сверухъ ругезе сахаваталлъун, кверглатIидаллъун лъугьуна.

Гьаб хирияб моцIалъ дица киналго ахIула нилъецаго гьарулел ишазегун хIалтIабазе нилъецаго къимат кьеялде, гIумру гьабиялъул къагIидабазда тIад ургъиялде, нилъерго тIабигIат-гIамал берцин гьабиялде, гIун бачIунеб гIелалъе битIараб тарбия кьеялде.

Биччанте нилъ цере гьарурал мунагьаздаса рацIцIадаллъун ва ккурал кIалал ТIадегIанав Аллагьас къабул гьарулезул кьеразулъе ккараллъун рукIине.

ДРялъул муфтияталъул цIаралдасан ва дирго рахъалдасан цоги нухалда баркула тIаде щвараб хирияб Рамазан ва гьарула гьаб моцI ТIадегIанасе гIибадат гьабиялда тIамизе щивасе къуват ва сахлъи.

***АхIмад-хIажи ГIАБДУЛАЕВ,***
***ДРялъул муфти***

***«Ас-салам» газеталдаса босараб***

# Бюджет МО «сельсовет Арчибский» на 2023 год

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
ЧАРОДИНСКИЙ РАЙОН
**СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ**
**СЕЛЬСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ «СЕЛЬСОВЕТ АРЧИБСКИЙ»**

***№ 25*** ***от 27 декабря 2022 года***

## РЕШЕНИЕ

**О бюджете Администрации муниципального образования «сельсовет Арчибский» на 2023 год**

Рассмотрев проект бюджета администрации муниципального образования «сельсовет Арчибский» на 2023 год, Собрание депутатов сельского поселения **решает:**

Утвердить бюджет администрации МО «сельсовет Арчибский» на 2023 год по следующим статьям.

**Статья 1.** 1) Утвердить бюджет муниципального образования «сельсовет Арчибский» (далее МО «сельсовет Арчибский») Чародинского района на 2023 год по доходам в сумме **3 594 200** рублей и по расходам в сумме **3 594 200** рублей, в том числе в связи с остатками на 01.01.2023 г. на сумму **4 146 250,26** рублей.

2) Установить предельный размер дефицита бюджета МО «сельсовет Арчибский» в 00 рублей.

3) Установить источниками финансирования дефицита бюджета поступления от продажи имущества, находящегося в муниципальной собственности, в сумме 00 рублей.

**Статья 2.** Утвердить перечень администраторов доходов бюджета сельского Совета - органов государственной власти и местного самоуправления согласно приложению № 1 к настоящему решению.

**Статья 3.** Учесть в бюджете МО «сельсовет Арчибский» поступления доходов согласно приложению № 2 к настоящему решению.

**Статья 4.** Утвердить распределение расходов сельского бюджета по разделам и подразделам функциональной классификации расходов бюджетов Российской Федерации согласно приложению № 3 к настоящему решению.

**Статья 5.** Утвердить ведомственную структуру расходов бюджета МО «сельсовет Арчибский» согласно приложению № 4 к настоящему решению.

**Статья 6.** В ходе исполнения настоящего решения сверх пределов, установленных Бюджетным Кодексом Российской Федерации, вносятся изменения в:

1) функциональную и экономическую структуры расходов в случае образования экономии по отдельным разделам, подразделам, целевым статьям, видам расходов и статьям экономической классификации расходов бюджетов Российской Федерации по представлению руководителей учреждений;

2) функциональную и экономическую структуры расходов на суммы, предоставляемые из районного бюджета за счет средств резервных фондов бюджетов других уровней;

3) функциональную и экономическую структуры расходов на суммы, направляемые на оплату исполнительных лимитов судебных органов в соответствии с Бюджетным Кодексом Российской Федерации.

Соответствующие решения об изменениях принимает сельское Собрание и передаются в соответствии с Соглашениями в орган кассового обслуживания бюджета (Отделение казначейства).

**Статья 7.** Установить, что финансирование поставок товаров, работ, оказания услуг для нужд МО «сельсовет Арчибский» осуществляется в соответствии с порядком, установленным Правительством Республики Дагестан, а также с учетом поступления доходов в сельский бюджет.

**Статья 8.** Установить, что заключение и оплата договоров бюджетными учреждениями производятся в пределах утвержденных им лимитов бюджетных обязательств в соответствии с функциональной и экономическими структурами расходов бюджетов РФ и с учетом ранее принятых и не исполненных обязательств.

**Статья 9.** Целевые средства в составе остатка на едином счете бюджета на 01 января 2023 г., а именно: субвенция на оплату ведения первичного воинского учёта, направляются на оплату ведения первичного воинского учёта.

**Статья 10.** Средства социального страхования, поступившие в конце предыдущего года неиспользованные на начало года, направляются на обеспечение соответствующих выплат и на сумму указанных средств увеличиваются лимиты бюджетных обязательств по кодам расходов* 001 0104 0020000 500 213.

**Статья 11.** Средства в валюте Российской Федерации, полученные бюджетными учреждениями от предпринимательской и иной приносящей доход деятельности, учитываются на лицевом счёте, открытом в территориальном органе Федерального казначейства и расходуются в соответствии с утверждённой в установленном порядке сметой доходов и расходов.

**Статья 12.** Настоящее решение вступает в силу с 9 января 2023 г. и распространяется на правоотношения, возникшие с 01 января 2023 г.

***Глава МО СП «сельсовет Арчибский»***
***А.М. МАГОМЕДХАНОВ***

*Приложение 1 к решению*
*о проекте бюджета МО «сельсовет Арчибский»*
*Чародинского района на 2023 г.*

**Администраторы доходов сельского бюджета**

| 1.Федеральная налоговая служба | |
|---|---|
| Код дохода | Наименование дохода |
| 18210102010011000110 | Налог на доходы физических лиц |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество физических лиц в границах поселений |
| 18210606023101000110 | Земельный налог по ставкам к объектам в границах поселений |
| 18210503010011000110 | Сельхоз налог |
| 921111050130500021120 | Арендная плата за пользование земел сельхозназначения |
| 41511690050106000140 | Неналоговые доходы |
| 2. Администрация МО «сельсовет Арчибский» | |
| 00120201001100000151 | Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности |
| 00120203015100000151 | Субвенция на оплату ведения первичного воинского учета |
| 00120203003100000151 | Субвенция на гос. регистрацию АГС |
| 00130202015100000410 | Доходы от реализации активов учреждениями в ведении органов МО |

*Приложение 2 к решению*
*о проекте бюджета МО «сельсовет Арчибский»*
*Чародинского района на 2023 г.*
***(рублей)***

| Код дохода | Наименование дохода | Сумма (руб.) |
|---|---|---|
| 18210102010011000110 | Налог на доходы физических лиц | 40 000 |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество физических лиц | 63 000 |
| 18210606023101000110 | Земельный налог | 197 000 |
| 921111050130500021120 | Арендная плата за пользование земел сельхозназначения | 16 000 |
| 00020201001100000151 | Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности | 3 095 700 |
| 00020202020100000151 | Субвенция на оплату ведения первичного воинского учета | 145 000 |
| 18210503010011000110 | Единый сельхоз. налог | 32 500 |
| 41511690050106000140 | Неналоговые доходы | 5 000 |
| В С Е Г О Д О Х О Д О В | | **3 594 200** |

*Приложению 3 к решению*
*о бюджете МО «сельсовет Арчибский»*
*Чародинского района на 2023 г.*

**Распределение расходов сельского бюджета по разделам и подразделам функциональной классификации расходов бюджета РФ**

| Наименование | Рз | Пр | сумма (рублей) |
|---|---|---|---|
| В С Е Г О Р А С Х О Д О В | | | ***3 594 200*** |
| Функционирование местной администрации | 01 | 04 | ***1 139 065*** |
| Мобилизационная и вневойсковая подготовка | 02 | 03 | ***145 000*** |
| Коммунальное хозяйство | 05 | 02 | ***145 000*** |
| Благоустройство | 05 | 03 | ***561 550*** |
| Молодежная политика | 07 | 07 | ***50 000*** |
| Культура | 08 | 01 | ***763 316*** |
| Спорт и физическая культура | 11 | 05 | ***100 000*** |
| Функционирование Главы МО | 01 | 02 | ***543 006*** |
| Ликвидация чрезвычайных и стихийных бедствий | 03 | 09 | ***20 000*** |
| Антитеррор | 01 | 07 | ***50 000*** |
| Добровольная народная дружина | 01 | 07 | ***15 000*** |
| Муниципальная пенсия | 01 | 01 | ***62 263*** |

*Приложение 4 к решению*
*о бюджете МО «сельсовет Арчибский»*
*Чародинского района на 2023 г.*

**Ведомственная структура расходов сельского бюджета на 2023 г. (глава 001)**

| Наименование | Рз | Пр | ЦСР | ВР | Сумма (рублей) |
|---|---|---|---|---|---|
| В С Е Г О | | | | | ***3 594 200*** |
| Аппарат местной администрации | 01 | 04 | 9990020400 | 500 | ***1 139 065*** |
| Первичный воинский учет | 02 | 03 | 9990013600 | 500 | ***145 000*** |
| Мероприятия в области ком. хоз. | 05 | 02 | 9993510500 | 500 | ***85000*** |
| Уличное освещение | 05 | 03 | 9996000100 | 500 | ***60000*** |
| Мероприятия по благоустройству | 05 | 03 | 9996000500 | 500 | ***561 550*** |
| Проведение мероприятий для детей и молодежи | 07 | 07 | 9994310100 | 500 | ***50 000*** |
| Обеспечение деятельности домов культуры, клубов | 08 | 01 | 9994409900 | 611 | ***763 316*** |
| Мероприятия в области физкультуры и спорта | 11 | 05 | 9995129700 | 500 | ***100 000*** |
| Функционирование Главы МО | 01 | 02 | 9990020300 | 500 | ***543 006*** |
| Ликвидация чрезвычайных ситуаций и стихийных бедствий | 03 | 09 | 9992180100 | 014 | ***20 000*** |
| Антитеррор | 03 | 07 | 9990431001 | 244 | ***50 000*** |
| ДНД | 01 | 07 | 9999431001 | 244 | ***15 000*** |
| Муниципальная пенсия | 01 | 01 | 9994910100 | 321 | ***62 263*** |

# Вниманию перевозчиков!

Действующее законодательство Российской Федерации требует, чтобы на некоторые автомобили и автобусы была установлена спутниковая система навигации ГЛОНАСС или ГЛОНАСС/GPS, позволяющая отслеживать положение транспортного средства.

Существует ряд нормативных документов, в которых четко прописаны требования к установке аппаратуры спутниковой навигации.

Согласно **Постановлению** Правительства РФ от 22 декабря 2020 г. № 2216 «Об утверждении Правил оснащения транспортных средств категорий $M^2$, $M^3$ и транспортных средств категории N, используемых для перевозки опасных грузов, аппаратурой спутниковой навигации», которое вступило в силу с 1 сентября 2021 г., обязательному оснащению аппаратурой спутниковой навигации подлежат автобусы, используемые для перевозки пассажиров, имеющие помимо места водителя, более восьми мест для сидения, и автотранспортные средства, используемые для перевозки опасных грузов.

Установкой аппаратуры спутниковой навигации, ее обслуживанием занимается специализированная организация АО «ГЛОНАСС».

Основной информацией, получаемой от автомобиля с помощью системы спутникового ГЛОНАСС\GPS мониторинга транспорта, являются данные о его местоположении и возможность онлайн слежения за автомобилем и грузом, благодаря которым можно значительно повысить дисциплину водителей, повысить качество эксплуатации автомобилей, исключить факты отклонения от маршрутов.

Согласно Положению о лицензировании деятельности по перевозкам пассажиров и иных лиц автобусами, утвержденному Постановлением Правительства РФ от 07.10.2020 N 1616, владельцы не вправе допускать к осуществлению деятельности по перевозкам пассажиров автобусы, не оснащенные аппаратурой спутниковой навигации ГЛОНАСС.

Перевозка пассажиров автобусами, не оснащенными аппаратурой спутниковой навигации, является нарушением лицензионных требований, за что ч.3 ст. 14.1.2 КоАП РФ предусмотрена административная ответственность в виде штрафа размером до 100 тыс. руб.

Выпуск автобусов на линию без аппаратуры спутниковой навигации, при котором совершено дорожно-транспортное происшествие с человеческими жертвами, отнесен к грубому нарушению лицензионных требований.

За неоднократное нарушение лицензионных требований или грубое нарушение лицензионных требований законодательством РФ предусмотрено приостановление деятельности предприятия (предпринимателя).

***Территориальный отдел государственного автодорожного надзора по Республике Дагестан МТУ Ространснадзора по СКФО***

***Старший государственный инспектор ТО ГАДН по РД***
***Д.А. АЛИЕВ***

РАЦIЦIАЛЪИ СУНДУЛГО АСЛУ

### ЦIУРИБ СУББОТНИК ТIОБИТIАНА

ТIолго республикаялъул субботникалде гъорлъеги лъугьун районалъул бетIер М. МухIамадовасул тIадкъаялда рекъон киналго учреждениязул, организациязул нухмалъулел ва росабазул поселениязул захIматчагIи цадахъ рекъон рахъана къватIире ва байбихьана субботник. Гьез рищникъулалдаса, пакетаздаса, бакъвараб харидаса ва гъутIбузул рекарал гIаркьалабаздаса рацIцIад гьаруна жидерго рукъзабазда сверухъ бакIал, къватIал ва гIаммал площадкаби.

ЦIалдохъабаз ва мугIалимзабаз цогидал захIматчагIазда цадахъго гIахьаллъи гьабуна субботникалъулъ. Гьез рацIцIалъи гьабуна школазда



сверухъ бакIазда, берцин гьаруна мемориалалгун памятникал. ЦIороравъ гьава-бакъ букIиналъухъги балагьичIого цо-цо росабазул гIадамаз рацIцIад гьаруна жидерго росабазда аскIор ругел гIурумухъал.

Субботникалъул гIахьалчагIазул жигараб захIматалдалъун районалъул росаби лъугьана берциналлъун, балагьизе гьира ккараллъун ва ракIразияллъун.

«Цадахъ гьабулеб хIалтIуца хIасилги лъикIаб кьола. Ниж киналго цо районалъул захIматчагIиги ругелъул, нижеда тIадаб буго нижедаго сверухъ бакI бацIцIадго ва берцинго чIезабизе. РацIцIалъи гьабизе ккола щибаб кьоялда, рищни гIемерлъарабгIан гьеб бацIцIад гьабизеги захIмалъулелъул, хIажат буго гьелде щивав чияс пикру буссинабизеги. Гьаб буго исана гIемер чи гIахьаллъараб тIоцебесеб субботник. Апрелалда гьабизе буго субботник росабазда гIагардегIан ругел мугIрузул лабаллъаби рацIцIад гьариялъе ва киналго гъутIбузул рохталаби хъахI гьариялъе», – ян лъазабуна М. МухIамадовас.

### ГЪИЛИБ СУББОТНИК ТIОБИТIАНА

Исана соналъул 18 марталда республикаялъул планалда рекъон Гъилиб советалда тIобитIана субботник. Гьениб гIахьаллъи гьабуна росабазул жамагIатаз ва учительзабазгун ва цIалдохъабаз. Росабалъ рацIцIад гьаруна росдал къватIал, жидерго рукъзабазда сверухъ бакIал. Гьелдаго цадахъ бацIцIад гьабуна «КунчIудагIоралъул» рагIаллъаби, нахъе рана пакетал, консервадул банкаби ва цогидабги чороклъи.

### РАЦIЦIАЛЪИ ГЪАБУНА

ЧIарада районалъул ЧIарада росулъ 18 марталда тIобитIана республикаялъул планалда рекъон субботник. ЧIарада росдал жамагIат бакIарана росдал басриял хобалазде гьениб рацIцIалъи гьабизелъун. Гьез бакIарана кинабго рищни-къул, ракъварал гъотIол гIаркьалаби ва бакъвараб хер. Гьеб кинабго хобалаздаса къватIибеги баччун бухIана.

### ХОБАЛ РАЦIЦIАД ГЪАРУНА

ЦIуриб росулъ тIобитIана хобал рацIцIад гьариялъул ва гьезда сверухъ бакIал берцин гьариялъул субботник.

ЦIуриб росдал администрациялъул цебелъеялъул рахьги ккун райцентралда гIумру гьабулел бихьинал кодоб хIалтIул алатгун рахьана субботникалде.

ХIалтIулаго гIолохъабаз нахъе баччана хобалазде бакIарун букIарабщинаб рищни-къул ва бакъвараб хер.

ГIахьалчагIазул къуваталдалъун гьабуна гъутIби кIуриялъул ва чIараялъул хIалтIабиги. Берцинаб ахIвал-хIалалде ккезаруна гIадамал рукъарал хобалги. Поселениялъул нухмалъулей М. МуртазагIалиевалъ ва баркала кьуна субботникалда гIахьаллъаразе.



Субботникалда гIахьаллъаразул цо къокъа

## ЖамагIат жигаралда хIалтIана

ЦIулда росдал гIадамал руго гIадлу-низам бугел, хIалтIи бокьулел. Гьелъги батила их тIаде щварабго рацIцIалъи гьабиялде тIаделъарал. ЖамагIаталъ хIукму гьабуна субботник тIобитIизе. Киналго руччаби, бихьинал, хараби, гIолилал ва гьединго школалъул цIалдохъабигун учительзаби, киназго цадахъ байбихьана росдал хобал рацIцIад гьариялдаса. Руччабаз бецана хер. Гьеб гIолилаз, цIалдохъабаз баччана хобалаздаса къватIибе. Хер хIажатал росуцояз жидеего къваригIарабгIанасеб къадар босана рокьобе, хутIараб бухIана. Гьелда цадахъго гьаруна цогидал хIалтIабиги. Риххарал бакIазда бана къед, рацIцIад гьаруна къватIалги. Кинабго росдал жамагIат жигаралда хIалтIана. Гьарурал хIалтIабаздаса гьел разиго хутIана.

*ХI. ГIУМАРОВ,*
*ЦIулда росу*

## «А ну-ка педагоги» конкурс тIобитIана

ЦIуриб росдал Культураялъул рукъоб тIобитIана Дусрахъ ва Магъар мугIалимзабазда гьоркьоб «А ну-ка педагоги» абураб конкурс.





Гьеб тадбир бухьинабураб букIана мугIалимасул ва насихIатчиясул соналда, тIобитIулебги букIана ВатIан цIунулесул ва Халкъазда гьоркьосеб руччабазул кьоязул байрамазул хIурматалда. Гьеб гIуцIараб букIана районалъул лъай кьеялъулгун культурияб отделалъул бихьизабиялдалъун. Гьенир тIаде балагизе рачIун рукIана районалъул бетIер М. МухIамадов, гьесул заместитель М. ГIумаров, районалъул лъайкьеялъул ва культураялъул отделалъул начальник Ш. МустIапаев.

Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХIамзатовасул 100 сон тIубаялъул юбилей букIинги хIисабалде босун тадбир гIуцIараз ва гIахьалчагIаз аслияб кIвар буссинабун букIана гьесул творчествоялде ва тадбиралдеги байбихьана ДРялъул мустахIикъай артистка, поэтесса Жавгьарат ХIасанхIусеновалъ кIудияв поэтасул хIакъалъулъ хъварал рагIабаздалъун.

КъецалъулгIахьалчагIазе ва залалда гIодор чIаразе саламги кьун Шамиль МустIапаевас баян гьабуна гьадинал тадбирал нилъер районалда тIоритIизе байбихьун букIанин, амма гьал ахирал соназда пандемиялъул унти багъараралдаса хадуб санагIат ккечIин гьел тIоритIиялъе.

«Нижеца жигар бахъила гьеб гIадат цIи гьабизе ва батIи-батIиял къагIидабиги ургъун гьелда релълъарал цогидалги тадбирал тIоритIизе. Жакъайин абуни гьарулел руго щибаб командаялъе бергьенлъаби», – ян лъазабуна районалъул лъай кьеялъулгун культураялъул отделалъул нухмалъулес.

Конкурсалде байбихьана щибаб командаялъ жидерго цIаралги абун, цоцазе салам кьеялдаса. Хадуб байбихьана батIи-батIиял, рекIелгъеялъулал конкурсал, гьенир гьоркьор рукIана рокьобе хIалтIи, армиялде вас тIовитIи, викторинаби, сценкаби, капитаназда гьоркьоб конкурс, музыкалиял номерал, халкъияб кухня ва цогидалги.

Хасго балагьаразе рекIее асар гьабулеблъун букIана Магъардул командаялъул Украинаялда СВОялда гIахьаллъулаго хварал ЧIарада

*(Хадусеб 4-аб. гьумералда)*

## ГIириб – хал гьабуна

«Чародинский район» МО АТКялъул хIукмаби ва тIадкъаял тIуразариялъул хал гьабизе 15 марталда ана ГIириб росдал поселениялде. Балагьана терроризмалде данде, гьеб ккечIого букIиналъе гьарулел ругел профилактикиял хIалтIабазухъ.



Хал гьабиялъулъ гIахьаллъизе ахIун вукIана Россиялъул ОМВД УУПалъул ЧIарада районалда бугеб хъулухъалъул хIалтIухъанги.

ГIириб поселениялда хал гьабулаго баянлъана хадуб хал кколеб ва гIодобе биччараб букIин терроризмалде данде гьабулеб хIалтIи. ХIисаб кьеялъул заманалда цониги терроризмалда хурхун гIадлу хвезабиялъул хIужжа ккун гьечIо. Жанисел ишазул органазул лъазабиялда рекъон халкъазда гьоркьосеб терроризмалъул гIуцIабазда (МТО) гьоркьов гьечIо цониги ГIириб поселениялдаса чи. «Ирибский» росдал поселениялда терроризмалде данде гьабулеб хIалтIул хал гьаби букIана планалда рекъон гьабулеб, гьединго «Чародинский район» МО АТКялъул 2023 соналда гьаризе цере чIарал хIалтIабазул хIукмаби ва рихьизариял дандрай. Гьабураб хIалтIул хал гьабулаго баянлъана аслияб къагIидаялда хIалтIи гьабун букIин законалда, «Чародинский район» МО АТКялъул ва гьелъул аппаратальул, ДР АТКялъул рихьизариязда, ва тасдикъ гьабураб хIалтIул планалда рекъон.

Терроризмалде данде гьабулеб профилактикияб тадбир росабазул захIматчагIазда ва хасго гIолохъанлъиялда бичIчIизабизелъун гьабулеб букIин, гьединго паналъулаб къучIалда рекъон тIобитIулеб тадбир буссараб букIин гIолилазулъ патриотияб ва исламияб лъай буголъи борхизабиялъул мурадалда. Гьелдаго цадахъ, хал гьабулаго кьуна тIадкъаялги:

- 2023 соналъул 1 апрелалде рукIалиде ккезабизе «сельсовет Ирибскиялъул» терроризмалде данде гьабулеб хIеркьеялъул хIалтIул цадахъаб план рукIалиде ккезабизе.

- «Чародинский район» МО АТКялъул данделъиялъул протоколалъул хIукму тIубазабиялъул лъазабизе бихьизабураб заманалдаса къватIизе течIого.

# «А ну-ка педагоги» конкурс тIобитIана

*(Байбихьи 3-аб. гьумералда)*











районалдаса гIолохъабазул хIакъалъулъ бахъараб ролик. Залалда гIодор чIарал киналго тIаде рахъунги чIун ролик лъугIизегIан ракIалде щвезаруна рагъда хварал нилъерго бахIарзал-ракьцоял.

Педагогаз щибаб церерахъиналда бихьизабуна жидерго гьунар буголъи гуребги, гьунки ва гьудуллъи бугеб коллектив букIинги. Гьелъ цойги нухалъ бихьизабулеб буго учительзаби рукIин кинабго рахъалъ церетIурал гIадамал.

Конкурсазда гьоркьор цере рахъарал Культурияб рукъалъул хIалтIухъабаз хасаб аваданлъи лъугьинабулеб букIана залалда гIодор чIаразул ракIазулъе.

КВНалъул программа лъугIун хадуб, ЧIарада районалъул херазул советалъул председатель МухIамад МустIапаевасул нухмалъиялда гьоркь хIасилал гьаруна конкурсалъул. Бергьаразе сайгъатал къуна МухIамад ГIумаровас. Гьес баян гьабуна гьадинал тадбираз тIатинарулел ругин творчествоялъул рахъалъ районалъул мугIалимзабазул гьунарал.

«Жакъа дун кантIизавуна педагогазул бокьараб гьунар букIиналда. Нужеца жакъа гьаниб бихьизабуна лъикIаб ахIвал-хIал, рази гьаруна тIад балагьизе рачIаралги. Баркала буго нужее гьабураб аваданлъиялъухъ», – ян абуна районалъул бетIерасул заместителас.

Дусрахъ школалъе щвараб 201 баллалде данде 218 баллги щун мустахIикъаб бергьенлъи босана Магъар школалъул командаялъ. Тадбир гIуцIаразул рахъалдасан командабазе къуна сайгъатал ва грамотаби.

# Мисалияв цIалдохъан



ЦIулда аслияб школалъул 8-аб. классалда цIалулев вуго Бариев Магьди. Гьев вуго гIадлу-низам бугев, мисалияв цIалдохъан. М. Бариев цIалула гIицIго 4-5 къиматазда. Магьди ккола жигарав общественникги. Гьес гIахьаллъи гьабуна районалда тIоритIарал олимпиадабазда. 2-аб. бакI щвана обществознаниялъе, биологиялъе, 3-аб. бакI - гIурус мацIалъегун литератураялъе ва географиялъе.

Дагъал цересIан къоязда районалда тIобитIараб «Живая классика» абураб тадбиралда гьев мустахIикълъана грамоталъеги. Леваши районалда тIобитIараб «Брейн-ринг» конкурсалда 2-аб. бакI ккуна, грамоталъеги мустахIикълъана. Хадусала гьеб командаялъ гIахьаллъи гьабизе буго МахIачхъалаялда. Гьенибги гьезие командаялъе лъикIал хIасилал щвей мурад буго нижерги. ХIажат буго цогидал цIалдохъабазги Магьдидаса мисал босизе, цIалиялъулъ ва спорталъулъ гьесда релълъарал рукIиналъе тадбирал гьаризе.

***ХI.ГIУМАРОВ,***
***ЦIулда росу***

СПОРТ

## ГIабасида баркула

13-19 марталда Каспийск шагьаралда тIобитIана боксалъул рахъалъ Дагъисталъул первенство. Гьенир гIахьаллъана 2009-2010 соназда гьарурал гIолилал.



Гьениб гIахьаллъи гьабуна ЧIарада районалъул ДЮСШалда ругьун гьавурав ГIабас Сиражудинов ва ккуна 36 кг бугезда гьоркьоб лъабабилеб бакI.

Баркула ГIабас Сиражудиновасда ва гьесул тренер Зураб Ильясовасда лъикIаб хIасил ва гьарула боксалъул рингалда жеги тIадегIанал хIасилал.

Киналго бергьаразе ва призалъул бакIал щваразе къуна дандрекъон кколел кубокал, медалал ва грамотаби.

## Эркенаб гугари

18-19 марталда МахIачхъалаялда тIобитIана гIолохъанлъиялда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рагьараб турнир. Гьенир гIахьаллъана ва тIоцересел бакIал ккуна «ДЮСШ» МБОУДОялда ругьун гьарурал Ибрагьим Мусаевас, Давуд Мусаевас ва ХIажи Расуловас.

Баркула спортсменазда бергьенлъи щвей. Гьарула гьезие жеги хадурккунги чIахIиял бергьенлъаби.

## Призалъулал бакIал ккуна

18-20 марталда Буйнакск районалъул Буглен росулъ тIобитIана 2006-2007 соназда гьарурал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул турнир.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер районалдаса гIолилазги, кIигоязе щвана лъабабилел бакIал, МухIамад ГIабдулаевасе (71 кг) ва Сапиюла Гъазалиевасе (48 кг).

Гьарула гIолилазе жеги хадурккун чIахIиял бергьенлъаби.

## *Авар кицаби ва абиял*

- Охолиса карш лъама, хаслихъе хинкIал чIахIа.
- Оц бегьиниб жо басиялдаго лъала.
- Оц бихьун рихьи бай, басиялда гIурдул рай.
- Оц кьурул рагIалде къайгун, хIамида ургъел чIвалеб.
- Оц рукъалда квегъула, чи заманалъ квегъула.
- Оц мацI лъалес хьун батаги.
- Оцал гьечIесул рекьи хIалакъаб.
- Оцал магIарда, МухIама рагIдукь.
- Оцал тIуричIони тIор баларо, тIаде ракь хъвачIони, хур бачIунаро.
- Оцода рече гьабеянги абуге, гIака гьакидаги баге.
- Оцода бичIчIизе, булагьада къабулеб.
- Оцол лъълъаран хIамил гIин ккоге.
- Оцол тIомол бицинчIого, тIомохьитазул бицунге.
- Оцол хьири бахьинчIони, магIил хъуй бахьунаро.
- Оцол хьири гуреб, хьурмил гьаракь гуреб.
- Оцолаб босе, басидулаб те.
- Рагъ хинкIазулгун лъикIаб.
- Рагъалдаса рекъел лъикIаб.
- РагьумахIугIан бегизе захIматаб мегIер гьечIеб. (Рукъалъул рагьумахIу ГIакару мегIергIанаб).
- РагIал бахьун хур бекье, ракьан бахьун бокь хъваштIе.
- РагIал гьечIеб кьуру гьечIеб, рагIал гьечIеб авлахъ гьечIеб.
- РагIалалдаса ракьан лъикIаб (нухлул).
- РагIи бугеб рукъалдаса, рукъго гьечIого, къватIир лъикI.
- РагIи бугеб рукъалдаса магIу бугеб рукъ лъикIаб.
- РагIи гьабизе – нус, нису квине – яс.
- РагIи гьабуларес боцIи хьихьиларо.
- РагIи гIарац буго, гIин тIами месед буго.
- РагIи жаниб лъоларев чиясда бальгояб жо бицинегIан, квенчIел цIун босун къотIнобе бай.
- РагIи къватIиб, дун рокъов. (КIал бугев чода, чодулав лъелго).

**ЧIАРАДА**
**Директор МБУ «ЕИС»** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
**Учредитель:** Администрация муниципального образования «Чародинский район»

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5 Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес***